



Gid pou Oto-Detèminasyon ak Oto-Defans

Konpreyansyon Fondamantal

Re-otorizasyon Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Gen Andikap yo (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA) nan ane 2004, seksyon 1400 (c) (1) di, "Andikap se yon pati natirèl nan eksperyans moun epi nan okenn fason an li pa diminye dwa moun yo genyen pou yo patisipe oswa kontribye nan sisyete a. Amelyore rezulta edikasyon pou timoun ki gen andikap yo se yon eleman esansyèl nan politik nasional nou an pou asire tout moun jwenn menm opòtinite, patisipasyon total, viv endepandan, ak endepandans ekonomik pou moun ki gen andikap yo."

Anseye elèv ki gen andikap yo fason pou yo egzèse oto-detèminasyon yo ak oto-defans yo se youn nan fason ki pi enpòtan pou edikatè yo prepare yo pou yo kapab angaje yo nan tout egalite nan opòtinite edikasyon ak travay pou yo ka viv yon lavi adilt ki endepandan.

Seksyon 1 – Dekri Bezwen an

Objektif gid sa a se pou ede pwofesè yo ak lòt pèsònèl lekòl yo rive konprann enpòtans pou yo anseye oto-detèminasyon ak oto-defans pou elèv ki gen andikap yo. Konpetans oto-detèminasyon ak oto-defans yo sipòte elèv yo nan efò y ap fè pou yo travay pou atenn objektif apre lekòl segondè yo ki ka mezire.

Rechèch yo endike elèv ki gen andikap yo an reta dèyè elèv ki pa gen andikap yo nan zafè rezulta apre lekòl yo. Fiedler ak Danneker (2007) eksplike elèv ki gen andikap yo ap fè fas ak difikilite sa yo apre yo soti nan lekòl segondè:

- Mank travay oswa travay a tan pasyèl. Reyalize
- objektif viv endepandan an.
- Mank koneksyon ak kominate yo. Pa satisfè ditou ak lavi yo.
-

Konpetans oto-detèminasyon ak oto-defans yo kapab ede elèv ki gen andikap yo amelyore reyalizasyon objektif yo genyen pou apre-lekòl segondè yo ansanm ak lòt objektif pèsònèl.



Eleman Oto-Detèminasyon

Fè Chwa Konpetans pou chwazi yon chemen pou suivant de (2) chwa Cm	Pran Desizyon Ketans pou chwazi yon chemen pou suivant de (2) chwa Dm	Rezoud Pwoblèm Konpetans pou jwenn solisyon pou pwoblèm ki difisiel oswa ki konplèks Ps
Fikse Objektif epi Atenn Objektif Kapasite pou devlope yon objektif, planifie aplikasyon an epi mezire siksè li Gs	Kontwole Tèt Ou Kapasite pou siveye epi kontwole konpòtman ou, aksyon ou ak konpetans ou genyen nan plizyè sitiayson Re	Oto-Defans Konpetans ki nesesè pou pale pou yon koz oswa yon moun ak/oswa defann yon koz oswa yon moun Ad
Degre Kontwòl Entèn Kwayans ki fè yon moun panse li gen kontwòl sou rezulta ki enpòtan nan Lc	Oto-Efikasite Lè moun nan kwè nan kapasite li genyen pou reyisi nan nenpòt espesyaloswa akonpli yon seri travay espesifik Ef	Konsyans Pèsònèl Konpreyansyon debaz yon moun genyen sou pwòp fòs i, bezwen li ak kapasite li Aw

Sit entènèt "I'm Determined" (Mwen Detèmine) a, yon pwojè Depatman Edikasyon nan Virginia (Virginia Department of Education), dekri oto-detèminasyon ak eleman pwisan an, oto-defans, nan yon tablo eleman ki reprezante konpetans, kapasite ak konpreyansyon elèv yo bezwen pou avanse nan oto-detèminasyon an.

Oto-Defans

Yo teknikman mete oto-defans lan kòm yon eleman nan gwoup konpetans ki anba oto-detèminasyon an. Men, gen kèk moun ki rekonèt li kòm yon konpetans ki bon anpil. "Yo idantife oto-defans lan nan yon rechèch kòm yon eleman pwisan pamí plizyè karakteristik oto-detèminasyon yo, epi edikatè yo kapab gen yon gwo enpak kontribisyon lè yo anseye li, ankoraje li ak amelyore li kay elèv yo" (Fiedler et al., 2007).

Lè yon moun fè konnen sa li bezwen, sa li vle, pwen fò li yo ak preferans li, se yon bagay ki enpòtan anpil pou ottonomi ak kontwòl sou pwòp tèt li. Sit entènèt Pwojè 10 la dekri oto-defans fason sa a:

Yo rekonèt oto-defans lan kòm kapasite yon moun genyen pou li pale ak aji nan pwòp non li oswa nan non yon koz. Oto-defans lan se yon konpetans enpòtan elèv yo itilize pandan yo jèn epi pandan tout lavi yo. Konpetans oto-defans lan gen ladan bagay sa yo, afime tèt ou, konnen dwa ou genyen yo, negosyasyon epi pale pou tèt ou oswa yon koz.

Konpetans oto-defans yo enpòtan pou yon moun kapab dirije lavi li apre li fini lekòl segondè. Aksè a edikasyon oswa fòmasyon apre lekòl segondè elèv yo bezwen pou etabli yo nan lavi pwofesyonèl (karyè), lavi kominotè ak lavi endepandan chita sou yon oto-defans ki solid epi ki pa chanje, ak lòt konpetans ki nan seri konpetans oto-detèminasyon an.

Seksyon 2 – Definisyon Oto-Detèminasyon ak Oto-Defans

Kisa nou vle di lè n ap pale sou oto-detèminasyon ak oto-defans? Youn nan definisyon ki pi konplè sou oto-detèminasyon se sa ou pral li a, oto-detèminasyon se:

Yon kombinezon konpetans, konesans ak kwayans ki pèmèt yon moun adopte yon konpòtman ki gen yon objektif, ki kontwole tèt li, ki endepandan. Yon konpreyansyon sou pwen fò ak limit yon moun genyen, ansanm ak konfyans li gen nan kapasite li ak efikasite li, bagay sa yo esansyèl pou oto-detèminasyon. Lè moun nan aji sou baz konpetans ak atitud sa yo, moun nan vin gen pi plis kapasite pou li pran kontwòl lavi li epi jwe wòl adilt ki reyisi nan sosyete nou an (Field

Pou di li yon fason ki pi senp, konpetans oto-detèminasyon yo se konpetans sa yo yon moun bezwen



Seksyon 3 – Enstriksyon pou Oto-Detèminasyon


Pwofesè yo jwe yon wòl enpòtan nan devlopman konpetans oto-detèminasyon elèv yo. Chèchè nan edikasyon yo fè konnen bagay sa yo:

- Atitid pwofesè yo anvè elèv yo kapab genyen yon enpak pozitif oswa negatif sou konfyans elèv yo genyen nan tèt yo (Scott et al., 1996).
- Pwofesè yo bezwen yon konpreyansyon ki sifizan sou oto-detèminasyon ak enpòtans li genyen pou tout elèv yo, espesyalman pou elèv ki gen andikap yo. “... san fòmasyon ak sipò, pwofesè yo ka pa genyen resous oswa konesans pou aplike enstriksyon oto-detèminasyon an” (Shogren et al., 2014, paj 445).
- Pwofesè ki pasyone a amelyore kalite aprantisaj elèv yo nan tout domèn etid yo (tout matyè yo).

Koneksyon ki genyen ant ansèyman eklere a oswa ansèyman ki pasyone a avèk aprantisaj elèv yo kapab eksplike fason sa a:

- Elèv yo jwenn avantaj nan ansèyman ki soti yon kote ki gen yon gwo konpreyansyon ak kwayans nan zafè oto-detèminasyon. Ansèyman eklere a oswa ansèyman ki pasyone a ede elèv yo konsidere sijè a kòm yon sijè ki enpòtan epi li fè yo gen anvi pou yo travay di olye se fòse yo fòse yo travay.
- Elèv yo jwenn avantaj nan pwofesè ki travay pou devlope yon relasyon ki baze sou respè ak elèv yo. Elèv yo aprann yo se moun ki gen valè epi ki gen bagay enpòtan pou yo aprann epi pou yo fè.
- Elèv yo jwenn avantaj nan pwofesè ki devwe pou ede elèv yo konprann enpòtans sa yo aprann yo. Elèv yo motive pou aprann lè yo wè koneksyon ki genyen ak mond ki deyò salklas la (Fried, 2001).

Sistèm konsepsyón inivèsèl pou aprantisaj la (Universal Design for Learning, UDL) se yon estrateji idéyal pou bay nenpòt elèv bonjan enstriksyon sou oto-detèminasyon, pandan w ap pèmèt tout elèv yo gen aksè a ansèyman sa a. UDL bay tout elèv yo posiblite pou yo chwazi fason yo vle angaje yo nan aprantisaj; resevwa enfòmasyon; epi eksprime sa y ap aprann yo. [Gid Sant pou Teknoloji Espesyal Aplike UDL la \(Center for Applied Special Technology, CAST\)](#) eksplike estrikti opsyon aprantisaj nan sistèm UDL la sipòtè oto-detèminasyon atravè opòtinite pou fè chwa epi nan ranfòse koneksyon elèv la nan aprantisaj (2018). Akoz UDL gen yon gwo kantiite elèv k ap itilize li fasilman, elèv k ap aprann yo jwenn sa yo bezwen yo sou yon echèl plis defi pou plis sipò (Gronnenberg et al., 2015). Chèchè pou tranzisyon lekòl segondè yo eksplike, "Pwofesè ki vle bay ansèyman pou tranzisyon lekòl segondè ansanm ak konpetans akademik yo kapab itilize pwen kontwòl UDL genyen ki gen pwen koman avèk tranzisyon lekòl segondè a pou ede yo gide planifikasyon yo" (Bartholomew et al., 2018, paj 246).



Pwofesè Ki Pasoyone A -
"Yon moun ki renmen
domèn
konesans lan, ki kontan
anpil pou bèle lide ki chanje
mond nou an, epi li
enterese nan potansyèl ak
pwoblèm
jèn moun ki vin nan klas
chak jou yo genyen"
(Serin et al., 2017, paj 60).

Rechèch yo demonstre,
lè pwofesè yo resevwa
fòmasyon nan
ansèyman oto-
detèminasyon an, yo
wè vin gen
plis pwogrè nan konpetans
oto-detèminasyon
elèv yo epi vin gen yon
ogmantasyon nan opòtinite
elèv yo genyen pou yo
utilize konpetans
oto-detèminasyon yo.
(Shogren et al., 2014).

Bartholomew ak Griffin (2018) devlope yon [Lis Verifikasiyon pou Enstriksyon Lekòl Segondè Ki Fèt pou Tout Moun](#) ki ede pwofesè yo konsidere fason pou yo itilize UDL la nan prensip tranzisyon lekòl segondè yo ak ansèyman akademik atravè UDL. Men kèk egzanp ki nan lis verifikasiyon an:

- Èske ou te bay enstriksyon sou identifikasiyon enterè yo, preferans yo, pwen fò yo, ak bezwen yo?
- Èske ou te bay enstriksyon sou fason pou fikse objektif ki apwopriye yo selon enterè yo, preferans yo, pwen fò yo, ak bezwen yo? Èske enstriksyon sou fikse objektif la espesifik nan travay akademik la oswa èske elèv yo aprann yon estrateji jeneral pou fikse objektif ki kapab aplike nan tout travay akademik yo?
- Èske elèv yo aprann yon estrateji jeneral pou fè chwa ki kapab aplike nan tout travay ki pa nan travay akademik yo (pa egzanp, nan travay, nan kay, nan sitiayson sosyal yo)? (Bartholomew et al., paj 247-248)

Seksyon 4 – Lide Enstriksyon pou Anseye Oto-Detèminasyon ak Oto-Defans

Sijesyon enstriksyon yo endike nan seksyon sa a vize salklas la. Fanmi yo kapab itilize epi sipòte lide sa yo etan lakay yo.

Fè Chwa – Konpetans pou chwazi yon chemen pou suiv ant de (2) chwa Montre

- **chwa ki pozitif la.** Diskite sou chwa elèv yo fè chak jou yo.
- **Bay elèv yo opòtinite pou yo fè chwa chak jou,** tankou plizyè chwa pou devwa yo bay pou lakay yo, estil pwojè ak metòd evalyasyon yo.

Pran Desizyon - Konpetans pou chwazi yon chemen pou suiv ki baze sou plizyè solisyon yo te byen reflechi sou chak gressn

- **Analiz Chwa yo** – Mande elèv yo pou yo ekri yon desizyon yo bezwen pran. Mande yo pou yo ekri tout chwa ki posib yo. Apre sa, elèv yo dwe fè lis rezulta chak chwa ki posib yo. Epi, elèv yo evalye rezulta yo epi pran desizyon ki ede yo reyalize rezulta yo vle a. Sèvi ak yon sistèm desizyon an fòm pyebwa si vizyalizasyon chwa desizyon yo ta itil.
- **Lis Avantaj ak Dezavantaj** – Yon lòt ang konsènan analiz desizyon an nan lis avantaj ak dezavantaj la. Yon lis avantaj ak dezavantaj se yon senp zouti yo itilize pou anrejistre ak konpare avantaj ak dezavantaj pou lòt chwa ki disponib yo. Nan seri televizyon, "The Gilmore Girls" (Fi Gilmore yo), Rory Gilmore se te yon ekriken ki renmen pale sou zafè lis avantaj ak dezavantaj. Lè li t ap pran desizyon konsènan nan ki kolèj pou li ale, li te itilize yon lis avantaj ak dezavantaj pou li kapab evalye lòt chwa yo.
- **Sèvi ak literati pou idantifye desizyon ki enpòtan yo.** Diskite sou desizyon yo te pran yo epi poukisa yo te pran yo. Diskite sou lòt chwa yo te ka konsidere yo.

Rezoud Pwoblèm – Konpetans pou jwenn solisyon pou pwoblèm ki difisil oswa ki konplèks

- **Kreye yon kilti pou rezoud pwoblèm.** Gen pwoblèm se yon bagay ki nòmal nan lavi a pou tout moun. Rezoud pwoblèm se yon bagay ki nòmal tou. Moun rezoud pwoblèm a nenpòt laj epi a nenpòt gwochè. Ede elèv yo aprann site non pwoblèm y ap fè fas yo epi rekonèt estrateji pou rezoud pwoblèm ki pa mache yo. Idantifye solisyon pwodiktif pou eseye.
- **Montre konpetans ki itil pou rezoud pwoblèm.** Demontre pasyans ak pèsistans nan rezoud pwoblèm ki parèt nan salklas la. Dekri estrateji w ap itilize nan moman w ap itilize yo a oswa mande elèv yo pou yo idantifye fason w ap rezoud pwoblèm nan.
- **Estrateji pou Anseye Fason pou Rezoud Pwoblèm:**
 - "Anseye nan yon kontèks espesifik. Anseye konpetans pou rezoud pwoblèm yo nan kontèks yo pral itilize yo a... Pa anseye konpetans pou rezoud pwoblèm nan kòm yon konpetans ki endependan oswa ki abstrè.
 - Ede elèv yo konprann pwoblèm nan. Pou yo ka rezoud pwoblèm yo, elèv yo bezwen konnen kisa objektif final la ye. Etap sa a enpòtan anpil pou yo ka byen aprann konpetans pou rezoud pwoblèm yo. Si w reyisi ede elèv yo reponn kesyon 'kisa?' ak 'poukisa?', l ap pi fasil pou jwenn repons pou 'kijan/kòman?'.
 - Poze kesyon epi fè sijesyon. Mande elèv yo pou yo predi 'kisa ki t ap rive si... oswa eksplike poukisa yon bagay te rive fèt. Sa ap ede yo devlope konpetans pou fè analiz ak bonjan lojik" (Teaching Problem Solving Skills, n.d., paragraf 3-8).

Fikse Objektif epi Atenn Objektif - Kapasite pou devlope yon objektif, planifye aplikasyon an epi mezire siksè li

- Sèvi ak plizyè evalyasyon ki ede ou menm ak elèv yo pi byen konprann pwen fò yo, preferans enterè yo ak bezwen elèv yo. Ede elèv yo wè koneksyon ki genyen ant evalyasyon yo ak fikse objektif yo. (Gade lis evalyasyon yo nan seksyon konsans pèsonèl la.)
- Ankouraje elèv ki gen IEP yo pou yo patisipe nan reyinyon IEP yo epi pou yo patisipe nan ekri objektif yo genyen apre lekòl segondè epi objektif anyèl yo. Elèv yo kapab genyen kòm objektif dirije reyinyon IEP yo a.
- Sèvi ak fikse objektif la nan salklas la. Mande elèv yo pou yo ekri kèk objektif pou rezulta aprantisaj ak pèfòmans yo a.

Kontwole Tèt Ou - Kapasite pou siveye epi kontwole konpòtman ou, aksyon ou ak konpetans ou genyen nan plizyè siliyasyon

- **Sèvi ak woutin elèv yo konnen yo pou ka ede yo kontwole tèt yo** Lè woutin yo chanje, prepare elèv yo davans epi ede yo planifye ki fason yo pral reyaji.
- **Elèv yo pral sèvi ak egzèsis Analiz Opsyon yo** pou evalye yon ansyen desizyon ki konsène yon chwa konpòtman espesifik. Sa fèt fason sa a: Idantifye rezulta chwa sa a. Èske sa se rezulta ou te prefere a? Si se pa sa, idantifye lòt chwa ki te kapab fèt pou reyalize rezulta ou vle a.

Oto-Defans – Konpetans ki nesesè pou pale pou yon koz oswa yon moun ak/oswa defann yon kòz oswa yon moun

- Ankouraje elèv ki gen IEP yo pou yo asiste epi patisipe nan reyinyon ekip IEP yo a. Bay yon seri sitiyasyon kòm egzanp pou elèv yo kapab pratike oto-defans lan. Mande elèv yo pou yo detèmine ki fason yo t ap defann tèt yo nan sitiyasyon an. Men yon sitiyasyon kòm egzanp: John pase kat (4) èdtan ap etidye pou yon tès biyoloji. Li espere fè omwen yon nòt k ap pèmèt li pase oswa yon nòt ki pi wo. Lè yo remèt li tès la, li te desi paske li wè li pa t pase tès la. IEP John lan endike John kapab fè yon moun li kesyon egzamen yo pou li, men li pa t mande yon lektè epi pwofesè a pa t bay chwa sa a. Mande elèv yo pou yo idantifye plizyè fason John kapab defann tèt li, tankou:

Mande pwofesè a si li kapab ba li yon lektè pou tout tès ak kesyon sipriz k ap gen

- pou vini yo. Mande si li ka fè tès la ankò ansanm ak yon lektè.
- Mande pwofesè a konsèy sou fason pou prepare egzamen an.
- Envite yon oratè ki gen rapò ak domèn w ap anseye a. Mande oratè a pou l travay nan kèk enfòmasyon sou lè yo te bezwen
- pale pou tèt yo oswa defann lòt moun.



Degre Kontwòl Entèn – Kwayans ki fè yon moun panse li gen kontwòl sou rezilta ki enpòtan nan lavi li

Degre kontwòl entèn nan kapab se yon konsèp ki difisil pou elèv yo rive konprann. Degre kontwòl la (Locus of control, LOC) fè konnen si moun kwè se li menm ki kontwole lavi li oswa yon faktè ekstèn. Si elèv yo gen yon degre kontwòl entèn, yo jeneralman konprann se yo menm k ap kontwole evènman lavi yo. Kidonk, si elèv yo gen yon degre kontwòl ekstèn, yo jeneralman atribiye koz evènman ki rive nan lavi yo ak lòt faktè ki pa soti bò kote yo. Estrateji pwofesè yo kapab itilize pou ede elèv yo devlope degre kontwòl entèn yo se:

- Devlopman modèl atribisyon: Pwofesè yo ta dwe pran anpil prekosyon lè y ap evalye pèfòmans yon elèv. Ede elèv yo konprann piò echèk yo kapab gen rapò ak yon seri faktè tanporè ki ka chanje oswa kontwole, tankou fin fè yon devwa, kantite tan pou etidye, bezwen poze kesyon oswa mande èd, elatriye.
- Analize pwen fò yo: Pwofesè yo ka ede elèv yo rekonèt pwen fò endividyle yo. Lè elèv yo konnen pwen fò yo, sa ede yo fè egzèsis epi konstwi pwen fò yo. Li ede elèv yo devlope plis konfyans nan tèt yo tou (Shinde et al.).

Oto-Efikasite – Lè moun nan kwè nan kapasite li genyen pou reyisi nan nenpòt sitiyasyon espesyal oswa akonpli yon seri travay espesifik.

- Entegre rekonesans pwen fò elèv yo nan aprantisaj la. Ankouraje elèv yo rekonèt valè yo, lè ou annik ede yo wè koneksyon ki genyen ant efò yo ak siksè yo.
- Asire ou elèv ou yo konnen ou kwè yo kapab.

Konsans Pèsonèl – Konpreyansyon debaz yon moun genyen sou pwòp fòs li, bezwen li ak kapasite li

Evalyasyon elèv yo se yon fason ki bon anpil pou ede elèv yo aprann plis sou tèt yo. Yo kapab itilize evalyasyon sa yo pou mezire kwasans elèv la nan konpetans oto-detèminasyon yo. Anba a gen kèk evalyasyon gratis moun ka jwenn sou entènèt epi yo pale sou yon seri konpetans ak enterè.

- [Evalyasyon Oto-Detèminasyon AIR la \(Gratis\)](#)
- [Echèl Oto-Detèminasyon ARC a \(Gratis\)](#)
- [Zòn Karyè nan California: Evalyasyon rapid; Pwofil Enterè; Pwofil Konpetans ak Travay Pwofil Enpòtans \(Gratis\)](#)
- [Sondaj sou Enterè Gwooup Karyè \(gratis\)](#)
- [Evalyasyon Oto-detèminasyon pou Moun K ap Fè Chwa A](#)
- [Egzamen Karyè Kòd Holland](#)
- [\(gratis\) Enterè ak Preferans - Lis Envantè yo \(gratis\)](#)
- [Envantè Konpetans pou Lavi \(Gratis\)](#)
- [Endikatè Preferans Pèsonèl yo \(Gratis\)](#)
- [Egzamen Karyè nan Wisconsin Technical College](#)



Seksyon 5 – Oto-detèminasyon ak Plan Edikasyon Pèsonalize a

Pandan konpetans oto-detèminasyon yo esansyèl pou tout elèv yo, yo jwe yon wòl anplis nan sipò ak nan siksè elèv ki gen andikap yo. Elèv ki gen andikap yo souvan

manke opòtinite pou aprann ak pratike konpetans oto-detèminasyon nan lavi chak jou yo epi yo souvan bezwen enstriksyon ak sipò ki klè.

Kidonk, edikatè yo ak fanmi yo bezwen prete yon atansyon ki espesyal sou egzijans ekip plan edikasyon pèsonalize elèv la (IEP) idantifye yo ak dokiman IEP ki gen rapò ak oto-detèminasyon. Anpil fwa, yon elèv ki gen yon andikap bezwen enstriksyon sou oto-detèminasyon nan yon fason espesifik ak nan yon anviwònman espesifik. Yo souvan devlope objektif ak sèvis anyèl yo dapre bezwen ki genyen pou oto-detèminasyon, epi yo ka revize yon rezime pwogrè nan reyinyon IEP yo. Jwenn plis enfòmasyon sou oto-detèminasyon ak konfòmite IEP a nan Kit Endikatè 13: Ekri Plan Edikasyon Pèsonalize pou Tranzisyon ki Konfòm (paj 6).

Lejislasyon an te bay yon koneksyon solid ant IEP a ak bezwen pou ansèyman sou oto-detèminasyon. Seksyon 1003.5716 (1)(a) nan Lwa Florida a di, lè elèv la gen 12 lane, oswa pandan elèv la nan klas 7yèm ane, kèlkeswa sa ki rive an premye a, yo dwe konsidere bezwen elèv la genyen pou enstriksyon sou oto-detèminasyon ak oto-defans. Lwa a eksplike pou l di ansèyman sa a nesesè pou asire elèv yo ap patisipe aktivman epi yon fason ki efikas nan reyinyon IEP yo (seksyon 1003.5716, F.S) (Lwa Florida).

Kijan yon ekip IEP detèmine si yon elèv bezwen ansèyman nan Oto-Detèminasyon (Self-Determination, SD) oswa Oto-Defans (Self-Advocacy, SA)?

- Patisipasyon elèv la nan reyinyon ekip IEP a pa fèt yon fason ki nòmal.
- Elèv la asiste reyinyon IEP yo, men patisipasyon an minim oswa li pa efikas lè l ap pale sou pwen fò li, bezwen li, enterè li ak preferans li.
- Elèv la gen pwoblèm pou l defann tèt li ak kamarad yo.
- Elèv la jwenn aranjman nan anviwònman aprantisaj la men li gen difikilte pou mande ak/oswa itilize aranjman sa yo.
- Administrasyon yon evalyasyon oto-detèminasyon demonstre domèn ki nan bezwen yo oswa ki pa gen yon bon pèfòmans.



Lè yo idantifye bezwen yon elèv genyen pou ansèyman sou oto-detèminasyon, ki mezi yo ka pran pou asire yo adrese bezwen sa a?

Asire ansèyman oto-detèminasyon ap pase atravè pwogram oto-detèminasyon ki rekonèt, tankou Standing Up for Me Plus

- (SUFM+), I'm Determined: How Self-Determined Are You?, ChoiceMaker Self- Determination Curriculum, or Me! Leson pou Ansèye Konsyans-Pèsonèl ak Oto-Defans. Kèk anviwònman popilè ki sipòte fasilitasyon pwogram akademik oto-detèminasyon an gen ladan, kou sou Estrateji Aprantisaj, kou ki baze sou tranzisyon (Oto-Detèminasyon, Planifikasyon Tranzisyon, Preparasyon Pwofesyonèl, Eksperyans Pwofesyonèl, Preparasyon pou Lavi Adilt) ak kou ki itilize Sistèm Aprantisaj Inik ak pwogram akademik ki modifie. Gade Gid Resous Anliy ki Itil ki Gen Rapò ak Tranzisyon Pwojè 10 la.

Asire tout pwofesè yo resevwa fòmasyon nan oto-detèminasyon epi yo ankouraje yo entegre li nan salklas yo pou tout elèv yo. Konplete fòmasyon oto-detèminasyon lekòl la bay la, lè ou annik mande elèv ki gen andikap yo epi ki gen 14 lane jiska 22

- lane yo, pou yo enskri nan sèvis tranzisyon anvan-travay la (Pre-Employment Transition Services, Pre-ETS), ki gen ladann fòmasyon sou oto-detèminasyon epi ki gratis atravè Reyabilitasyon Pwofesyonèl la (VR). Yo dwe mete sèvis tranzisyon, Pre-ETS ak pwogram etid yo lè y ap detèmine èd elèv yo bezwen pou yo ka atenn objektif apre lekòl segondè yo ki kapab reyalize
- jan sesksyon 1003.5716, F.S. (Lwa Florida) egzije sa a.

Konsidere itilizasyon aktivite pwosesis Planifikasyon Ki Santre Sou Moun (Person-Centered Planning, PCP) nan ak patisipasyon an kòm yon mwayen efikas pou sipòte developman konpetans oto-detèminasyon an.

Sèvi ak fich travay planifikasyon yo (tankou sa Konrad et al. ofri yo, ane 2008, Yon Modèl pou Aliyen Oto-Detèminasyon ak

- Estanda Kourikoulòm yo) ki ka ede edikatè yo nan tout anviwònman yo idantifye ak suiv konpetans espesifik oto-detèminasyon yo nan yon elèv oswa nan plis elèv pou sipòte ansèyman efikas.
- Ankouraje epi anseye elèv yo jan sa enpòtans pou yo patisipe aktivman nan reyinyon IEP yo epi pou yo dirije reyiny IEP yo.

Kijan yo ka evalye pwogrè oto-detèminasyon an?

Yo ka verifye pwogrè elèv la fè nan devlopman konpetans oto-detèminasyon an plizyè fason, ladan genyen evalyasyon enfòmèl ak fòmèl.




- Mete oto-detèminasyon an kòm yon objektif anyèl nan IEP a epi mete nòm yo dwe atenn yo.
- Sèvi ak evalyasyon oto-detèminasyon tankou Evalyasyon Oto-detèminasyon AIR la, Echèl Oto-detèminasyon ARC a, Evalyasyon Oto-detèminasyon ChoiceMaker, oswa ME! Echèl nan yon fason anvan-tès/apre-tès pou suiv amelyorasyon an (gade paj 5).
- Sèvi ak oto-evalyasyon, tankou Lis Verifikasyon Oto-Detèminasyon pou Evalyasyon Elèv la oswa Lis Verifikasyon Anyèl Oto-Detèminasyon an pou elèv yo nan lide pou yo ka idantifye pwòp kwasans yo.
- Fè obsèvasyon pou chèche pwogrè elèv yo, espesyalman nan domèn yo te idantifye kòm bezwen espesifik. Itilize yon lis verifikasyon ki pèsonalize oswa yon lis verifikasyon ki egziste deja, tankou Lis Verifikasyon pou Oto-Detèminasyon: Tcheke Pwogrè oswa, pou elèv ki gen andikap ki pi grav yo, Objektif Oto-Detèminasyon ak Lis Verifikasyon.
- Sèvi ak pòtfolyo elèv la pou ka montre pwogrè oto-detèminasyon an.
- Pale ak elèv yo detanzantan pou reflechi sou pwogrè oto-detèminasyon an ak itilizasyon aranjman yo (sitou nan klas espesifik yo). Note pwogrè yo reyalize nan konpetans oto-detèminasyon yo pandan reyinyon kout sa yo. Amelyore reyinyon an lè w pataje fidbak ak elèv la atravè yon fèy swivi pwofesè oswa elèv k ap dirije a bay.

Seksyon 6 – Oto-detèminasyon - Yon Pwosesis K Ap Kontinye

Oto-detèminasyon an pa sèlman aplike pou tout elèv yo, li aplike pou tout moun. Teyori Oto-detèminasyon (SDT) a di tout moun gen twa (3) bezwen sikolojik prensipal. Yo se bezwen pou:

- Konpetans (santi ou efikas)
- Otonomi (sa ki fè w santi ou se sous prensipal konpòtman ou)
- Relasyon Sikolojik (sa ki fè w santi moun pran swen ou epi yo konprann ou) (Ryan & Deci, 2000; Houston, 2020).

Sa fè nou konnen oto-detèminasyon an se yon pwosesis k ap kontinye pou elèv nou yo... pou nou... pou tout moun. Itilize moman sa a pou w reflechi sou konpetans oto-detèminasyon ou.



Ranpli Fèy Travay sou Konsyans-Pèsonèl pou Adilt sa a pou ka genyen yon pi bon konpreyansyon sou pwen fò ak bezwen oto-detèminasyon ou genyen nan lavi ou a.

Seksyon 7 – Resous ak Referans

Resous

7 Fason Pou Ankouraje Moun K ap Aprann Yo Panse Endependan <https://blog.futurefocusedlearning.net/encourage-learners-independent-thinking>

60 Fason pou ede Elèv yo Reflechi pou Tèt yo

<https://www.teachthought.com/critical-thinking/ways-to-help-students-think-for-themselves/>

I'm Determined

<https://www.imdetermined.org/> Pwofil

Kapasite O*NET

<https://www.onetcenter.org/AP.html> Pwofil

Enterè O*NET

<https://www.onetcenter.org/IP.html>

Modèl Enstriksyon pou Aprantisaj Oto-Detèmine - Gid pou Pwofesè

https://beach.ku.edu/sites/default/files/SDLMI-Teachers-Guide_4-2017.pdf

Standing Up for Me Plus (SUFM+)

http://project10.info/Documents/Project_10_Trainings_with_Map_on_Back_Updated_4.2.2020_1.pdf

(Mande dokiman fòmasyon ak kourikoulòm atravè yon Reprezantan Tranzisyon Rejyonal)

Fèy Rèv Elèv La

https://www.cyes.org/wp-content/uploads/2015/08/Student_Dream_Sheet1.pdf

Anseyman pou Rezoud Pwoblèm: Kite Elèv Yo 'Kole' epi 'Dekole'

<https://www.brookings.edu/blog/education-plus-development/2017/10/31/teaching-problem-solving-let-students-get-stuck-and-unstuck/>

Verifikasiyon Tranzisyon UDL

https://drive.google.com/file/d/0BzNJE_acB1cjWXA3VVVFVVFU4RDQ/view

Zarrow Center for Learning Enrichment <https://www.ou.edu/education/centers-and-partnerships/zarrow>



Referans

Bartholomew, A. L., & Griffin, N. (2018). Konsepsyón Invèsèl pou Aprann Lis Kontwòl Tranzisyon nan Lekòl Segondè. PsycTESTS Dataset. <https://doi.org/10.1037/t77157-000>

Cabeza, B., Magill, L., Jenkins, A., Carter, E. W., Greiner, S., Bell, L., & Lane, K. L. (2013). Fè pwomosyon pou oto-detèminasyon

pami elèv ki gen andikap: Yon gid pou edikatè Tennessee yo. <https://vkc.vumc.org/assets/files/resources/psiSelfdetermination.pdf> CAST (2018). Enstriksyon Konsepsyón Invèsèl pou Aprantisaj vèsyon 2.2. <http://udlguidelines.cast.org>

Sant pou Anseye Ekselans nan University of Waterloo. (n.d.). Anseye konpetans pou rezoud pwoblèm. <https://uwaterloo.ca/centre-for-teaching-excellence/teaching-resources/teaching-tips/developing-assignments/cross-discipline-skills/teaching-problem-solving-skills>

Field, S. (1998). Yon gid pratik pou anseye oto-detèminasyon. Konsèy pou Timoun Eksepsyonèl yo. Lwa Florida, Seksyon 1003.5714. http://www.leg.state.fl.us/statutes/index.cfm?App_mode=Display_Statute&Search_String=&URL=1000-1099/1003/Sections/1003.5716.html

Fiedler, C. R., & Danneker, J. E. (2007). Entriksyon pou Oto-defans: Konble lakin ki genyen ant rechèch ak pratik la. Konsantre sou Timoun Eksepsyonèl yo, 39(8). <https://doi.org/10.17161/foec.v39i8.6875>

Fried, R. (2001). Pwofesè Ki Pasyone a: Yon gid pratik. Boston: Beacon Press.

Gronneberg, J., & Johnston, S. (6 avril, 2015). 7 bagay ou ta dwe konnen sou konsepsyón invèsèl pou aprantisaj [Brèf]. Inisyativ Aprantisaj Educause. <https://www.cast.org/products-services/resources/2015/7-things-you-should-know-about-universal-design-for-learning>

Hawbaker, B. W. (2007). Reyinyon IEP Elèv la dirije: Estrateji Planifikasyon ak reyalizasyon. ANSEYE Timoun Eksepsyonèl (TEACHING Exceptional Children Plus), 3(5) Atik 4. <https://files.eric.ed.gov/fulltext/EJ967458.pdf>

Ryan, R. M. & Deci, E. L. (2000). Teyori oto-detèminasyon ak fasilitasyon motivasyon inik, devlopman sosyal, ak byennèt. Sikològ Ameriken, 55(1), 68-78.

Scott, L. R. A., & Bruno, L. (2018). Konsepsyón Invèsèl pou Modèl Tranzisyon: Yon Modèl pou Konbine Enstriksyon Akademik ak Tranzisyon. Jounal Aprantisaj Edikasyon Espesyalize, 7(3), 1-16.

Serin, H. (2017). Wòl Pasyon Jwen nan Aprann ak Anseye. Jounal Entènasyonal pou Syans Sosyal ak Etid Pedagojik, 4(1). <https://doi.org/10.23918/ijsses.v4i1p60>

Shogren, K. A., Wehmeyer, M. L., Burke, K. M., & Palmer, S. B. (2017). Modèl enstriksyon pou aprantisaj oto-detèminasyon: Gid pou pwofesè. https://beach.ku.edu/sites/default/files/SDLMI-Teachers-Guide_4-2017.pdf

Sant Fòmasyon ak Asistans nan Depatman Edikasyon Virginia. (16 out, 2017). Oto-Detèminasyon ak UDL. <https://ttac.odu.edu/intellectual-disabilities/self-determination-and-udl/>

Wehmeyer, M. L., & Palmer, S. B. (2003). Rezulta Adilt pou Elèv ki Gen Andikap Mantal Twa (3) Lane Apre Lekòl Segondè: Enpak Oto-Detèminasyon. Edikasyon ak Fòmasyon nan Andikap Devlopmantal, 38(2), 131-144.